

HAITIAN STUDENT INTERVIEW
1997-1998

Student ID Code _____ Country of Origin _____

Age _____ Gender: _____ School _____ Grade _____

Date _____ RA's code _____

IMMIGRATION

1. Kilè ou premye antre ozetazini?

2. Eske tout fanmi ou te antre memn lè? (Si repons la non, di kilè yo te rantre)

3. Ki rezon ki fè paran ou deside vini ozetazini?

4. Lè ou ta p viv an Ayiti ki lide ou te genyen de Etazini?

5. Ki kote ou te jwen lide sa yo de Etzini?

6. a) Eske la vi isit la diferan de sa ou te panse a? Wi Non
b) Si wi, nan ki fason?

7. Ki sa ou pi renmen nan viv isit?

8. Ki sa ou pi pa renmen nan viv isit?

9. Ki sa ki pi difisil nan kite peyi ou?

10. a) Si ou te kapab chwazi, èske ou ta p retounen ale viv an Ayiti osnon ou ta p rete isit?

b) Pou ki sa?

11. a) Eske ou kenbe kontak avèk zanmi ak fanmi ou an Ayiti? Wi Non
b) Konbyen fwa ou kominike avèk yo

c) Ki jan ou kominike avèk yo?

THE FUTURE/ GETTING AHEAD

12. Moun mezire siksè nan fason diferan. Ki jan yon ou ta p dekri you moun ki gen siksè?

13. Si yon kouzen ou ki fèk sòti an Ayiti mande ou ki jan yon moun arive ozetazini, ki sa ou ta p di l?

14. a) Eske lekòl prepare ou pou arive nan lavi ozetazini? Wi Non
b) si non, ki lòt fason yon moun kapab arive?

15. a) Ki sa ou ta renmen fè lè ou vinn gran moun?

b) Ki nivo etid ou panse ou bezwen pou ta fè travay sa a?

16. Eske ou panse ke yon Ayisyen genyen menm chans avèk yon Ameriken yo pou ou arive nan lavi isit?

17. a) Pou w arive nan lavi, eske aparans ak sa ou sanble enpòtan?

b) (si wi) Ki jan?

GENERAL SCHOOL INFORMATIO

18. a) Eske ou te ale lekòl an Ayiti?

19. Ki jan lekòl an Ayiti a diferan de lekòl isit la?

20. Kisa ou pi renmen nan lekòl isit?

21. Kis sa ou pi pa renmen nan lekòl isit?

22. Ki jan de elèv ou ta di ke ou te ye an Ayiti?

23. a) Kounye a ou ozetazini ki jan de elèv ou ta di ou ye?

b) Si ou tap chwazi, èske ou tap di ou se yon elèv:

PI FÒ KE MWAYEN

MWAYEN, OU

PI BA KE MWAYEN?

c) Pou ki sa?

24. Ki jan de elèv ou panse pwofesè ou ta di ou ye?

25. Ki jan pwofesè yo (osnon pifò pwofesè yo) trete majorite elèv yo?

26. Ki jan pwofesè yo (osnon pifò pwofesè yo) trete majorite elèv Ayisyen yo?

27. Ki jan pwofesè ou yo (osnon pifò pwofesè ou yo) trete ou?

28. Ki sa ki pi difisil nan lekòl?

29. a) Eske ou toujou retounen pifò devwa ou a lè? Wi Non

b) Si non, pou ki sa?

#30

STUDENT ATTITUDES TOWARD SCHOOLS

a) Pran bon nòt nan lekòl (fè yon sèk nan yonn)

1	2	3	4
pa enpòtan pou mwen	yon ti jan enpòtan	enpòtan	trè enpòtan pou zanmi m yo

b) Ale nan inivèsite aprè lekòl secondè (fè yon sèk nan yonn)

1	2	3	4
pa enpòtan pou mwen	yon ti jan enpòtan	enpòtan	trè enpòtan pou mwen

#31

PERCEIVED PARENTAL ATTITUDES TOWARD SCHOOLS

a) Pran bon nòt nan lekòl (fè yon sèk nan yonn)

1	2	3	4
pa enpòtan pou paran m	yon ti jan enpòtan	enpòtan	trè enpòtan pou paran m

b) Ale nan inivèsite aprè lekòl secondè (fè yon sèk nan yonn)

1	2	3	4
pa enpòtan pou paran m	yon ti jan enpòtan	enpòtan	trè enpòtan pou paran m

#32

PERCEIVED PEER ATTITUDES TOWARD SCHOOLS

a) Pran bon nòt nan lekòl (fè yon sèk nan yonn)

1	2	3	4
pa enpòtan pou zanmi m yo	yon ti jan enpòtan	enpòtan	trè enpòtan pou zanmi m yo

b) Ale nan inivèsite aprè lekòl secondè (fè yon sèk nan yonn)

1	2	3	4
pa enpòtan pou zanmi m yo	yon ti jan enpòtan	enpòtan	trè enpòtan pou zanmi m yo

#33

STUDENT EDUCATIONAL ASPIRATION

Eske ou gen plan pou: (fè yon sèk nan yonn)

1	2	3
Fè yon pati nan etid secondè	Diplome nan lekòl secondè	Diplome nan yon College 2 an
4	5	
Diplome nan inivesite 4 an	Diplome na lekòl de dwa, lekòl medikal, oubyen	

HOME

34. Avèk ki moun ou abite?

Non	Ki sa moun nan ye pou ou	Laj (frè ak sè)

35. Ki moun ou jwen nan kay la lè ou sòti lekòl?

36. Eske genyen yon granmoun nan fanmi ou ki toujou konnen kisa ou ap fè? Sa vle di ki eske genyen yon moun ki toujou konnen kote ou ye, avèk ki moun ou ye, ki sa wap fè, ak ki lè wap rantre lakay ou?

37. Ki sa paran ou vle ou fè aprè ou fini klas sekondè ou (high school)?

38. Ki sa ou pi apresye nan paran ou?

39. Ki sa ou ta chanje nan paran ou si ou te kabab?

40. Ki jan ou montre paran ou ke ou renmen yo?

41. Eske ou pale avèk paran ou de pwoblèm ou lè ou genyen yo?

42. Lè ou pa dakò avèk paran ou, ki jan ou rezoud pwoblèm nan?

43. Ki moun ki disipline ti moun yo nan kay la?

44. Si ou pran yon move nòt nan lekòl, ki sa ka pase lakay ou?

45. Si ou genyen yon problèm nan lekòl la ki moun ki pral kote mèt la?

FAMILY SOCIAL SUPPORT

46. a) Konbyen fwa fanmi ou rankontre avèk lòt zanmi Ayisyen?

b) Nan ki okasyon?

47. a) Eske fanmi ou rankontre avèk zanmi ameriken souvan? Wi Non

48. Lè fanmi ou genyen yon problèm osnon yo bezwen èd, Kote ki moun yo ale?

HEALTH

49. Eske ou kabap di ke ou an bòn sante?

50. Konbyen jou nan twa dènye mwa yo ou te rete lakay ou paske ou te malad?

51. Konbyen jou nan twa dènye mwa yo ou te pran kaban paske ou te malad?

52. Depi kèk tan eske ...(si oui, mande pafwa, souvan, oubyen tout tan)

0-jamè
 1-pafwa
 2-souvan
 3-tout tan

a) Ou santi ou gen yon bagay ki ap domine ou	0	1	2	3
b) Ou kritike lòt moun	0	1	2	3
c) Li difisil pou sonje bagay	0	1	2	3
d) Ou santi ou annwiye trò fasil	0	1	2	3
e) Ou genyen vant fè mal	0	1	2	3
f) Ou pa genyen fòs	0	1	2	3
g) Ou pa santi ou ta manje	0	1	2	3
h) Ou Kriye fasil	0	1	2	3
i) Ou santi yon bagay mal pral rive	0	1	2	3
j) Ou santi ou timid	0	1	2	3
k) Ou nève vit	0	1	2	3

l) Ou santi kè ou ap bat vit	0	1	2	3
m) Ou santi ou tris	0	1	2	3
n) Ou santi anyen pa enterese ou	0	1	2	3
o) Ou bay tèt ou pwoblèm	0	1	2	3
p) Ou santi ou regrèt	0	1	2	3
q) Li difisil pou pran desizyon	0	1	2	3
r) Li difisil pou ou konsantre	0	1	2	3
s) Ou santi ke lòt moun pa konprann ou	0	1	2	3
t) Ou santi ou sou tansyon	0	1	2	3
u) Ou manje tròp	0	1	2	3
v) Ou fè diskisyon trò fasil	0	1	2	3
w) Ou santi moun pa renmen ou	0	1	2	3
x) Li difisil pou dòmi	0	1	2	3
y) Ou santi lòt moun pi bon pase-ou	0	1	2	3
z) Ou sonje yon bagay ki fè ou pè	0	1	2	3

DAILY ACTIVITIES

53. Ki jan jounen ye aprè lekòl?

54. Konbyen tan ou pase ap fè devwa ou chak jou?

55. Ki moun ki ede ou si ou genyen problèm avèk devwa ou?

56. a)Kisa ou fè lakay ou pou ede fanmi ou (tradiksyon, fè manje, okipe frè ak sè ou, netwaye)

b) Konbyen tan ou pase ap ede paran ou nan yon jounen?

57. a) Eske ou travay? Wi Non

b) Si ou travay, konbyen tan pa jou:

c) Ki kote?

d) Kisa ou fè avèk lajan ou toche a?

58. a) Eske ou ale nan lòt aktivite aprè lekòl lè wikenn?

b) Ki sòt de aktivite?

c) Konbyen tan pa semèn ou pase nan aktivite sa yo?

Konbyen tan _____

M pral poze ou kèk kesyon. M ta remen ou reponn wi oubyen non

- | | | | |
|-----|----------------------------------------------|----|-----|
| 59. | Pou mwen lekòl se bagay ki pi enpòtan? | wi | non |
| 60. | Fè devwa pi enpòtan ke ede nan kay la? | wi | non |
| 61. | Fè devwa pi enpòtan ke sòti avèk zanmi m yo? | wi | non |
| 62. | Pou mwen travay byen nan matematik enpòtan? | wi | non |
| 63. | Aprann Anglè enpòtan pou mwen? | wi | non |
| 64. | Li difisil pou aprann Anglè? | wi | non |
| 65. | M renmen aprann anglè? | wi | non |
| 66. | Li enpòtan pou m kontinye pale Kreyòl? | wi | non |

LANGUAGE USAGE

67. Avèk ki lang papa ou sèvi plis nan kay la?

68. Avèk ki lang manman ou sèvi plis nan kay la?

69. Ki lang ou pale avèk frè ak sè ou yo?

70. Ki moun ki renmen li lakay ou?

71. Ki sa ou li lakay ou? (cheke tout sa ki koresponn) jounal, rev, liv komik, liv, bib osnon lòt bagay ki pale de relijyon.

72. a) Eske ou li pou plezi? Wi Non

b) Nan ki lang plis bagay ou li pou plezi yo ye?

c) Konbye tan pa semènn ou pase ap li pou plezi?

d) Eske sa chanje depi ou vini ozetazini?

73. Konbyen tan ou pase ap gade Televizyon pa jou?

74. Nan ki lang program yo ye?

75. Nan ki lang program ou tande nan radyo yo ye?

76. Lè paran ou lwe ou achte video, nan ki lang program yo ye?

77. a) Eske ou konprann, kreyòl? (*show informant choice cards*)

Non pa twò byen byen trè byen

b) Eske ou pale kreyòl?

Non pa twò byen byen trè byen

c) Eske ou li kreyòl?

Non pa twò byen byen trè byen

d) Eske ou ekri kreyòl?

Non pa twò byen byen trè byen

78. a) Eske ou konprann anglè? (*Show informant choice cards*)

Non pa twò byen byen trè byen

b) Eske ou pale anglè?

Non pa twò byen byen trè byen

c) Eske ou li anglè?

Non pa twò byen byen trè byen

d) Eske ou ekri anglè byen?

Non pa twò byen byen trè byen

NEIGHBORHOOD SAFETY

79. Eske ou abite nan yon katye kote pi plis moun yo se Ayisyen osnon moun ki sò nan lòt peyi?

80. a) En jeneral, èske ou panse moun yo nan katye a antann yo byen?

b) Si non, pou ki rezon ou di sa?

81. Eske ou pa pè mache nan katye a?

Wi

Non

82. Eske ou janm wè vyolans nan katye ou rete a?
si wi, ki jan de vyolans?

Wi

Non

83. Eske gen *gangs* nan lekòl ou a osnon nan katye a? Wi Non

PEERS

84. a) Kobyen tan ou pase avèk zanmi yo ou chak jou?

b) Ki sa ou fè avèk zanmi ou yo?

85. a) Nan Ki peyi ou ta di pi plis nan zanmi ou yo sòti?

b) Ki nasyonalite pi plis zanmi ou yo?

c) Ki lang ou pale avèk zanmi ou yo?

86. Ki sa ou rele tèt ou ? Sa vle di, Ki nasyonalite ou dapre ou menm (*show informant choice cards*)?

87. a) Eske lot timoun janm ba ou non ke ou pa remen? Wi Non
b) Ki non?

88. Jan nou te eskplike ou lè ou te dakò pou patisipe nan etid sa a, nou vle kenben kontak avèk ou pou senk an. Nou ta remen ou fè nou konnen si ou chanje kay ak lekòl. Ba nou non ak lekòl de bon zanmi ou ke nou kapab kontakte si ou ta bliye ba nou nouvo adrès ak non lòt lekòl la. (Interviewers, please get full names)?

SENTENCE COMPLETION TASK

Mwen pral li kèk fraz ki pa konplè enpi m ap mande ou pou fini yo.

89. Yon bon zanmi se yon moun ki _____

90. Lè m genyen pou m etidye, mwe _____

91. Sa ki pi inpòtan nan lavi se _____

92. Fanmi m se _____

93. M konnen ke mwen pa kapab arive nan lavi san ke mwen pa _____

94. Lekòl se _____

95. Profesè yo se _____

96. M santi mwen ta kite sa lè _____

97. Ayisyen se _____

98. Pi plis Ameriken panse ke Ayisyen se _____

99. Plis Ayisyen panse ke Ameriken se _____

PROBLEM SITUATIONS

Kounye a m pral esklike ou plizyè sityasyon difisil.

100. Panse avèk yon profesè ki di ou tap kopye pandan ou tap pran yon ekzamen san ou pa tap kopye. Ki jan ou tap regle pwoblèm sa a? kote ki moun ou tap mande èd?

101. Paran ou bezwen ou pou vini nan kay la aprè lekòl pou ou okipe ti sè ou. Zanmi ou yo envite ou pou ale nan sinema pou ale wè yon fim ke ou vrèman vle wè. Ki sa ou tap fè?

102. Panse ak yon pwoblèm ke yon moun ou konnen te genyen sa pa gen lontan. Ki sa pwoblèm te ye? Kote ki yès moun nan te ale pou ede l? Kouman moun nan te regle pwoblèm nan?

NARRATIVE TASKS

Gade foto sa enpi fè yon istwa sou li. Di m sa k pase avan, ki sa ki ap pase kounye a, enpi kouman istwa a fini. Di m kouman aktè prisipal la santi l.

Pa genyen bon ak move repons, sèlman fè imajinasyon ou travay.

Istwa A:

Istwa B:

Nou rive nan fin entèvyou a. Eske gen kèk kesyon m ta sipoze poze enpi m pat fè l?

Èske ou genyen kèk kesyon ou ta renmen poze?

Mèsi poutèt ou pran tan ou pou rankontre ak pataje eksperyans ou avèk mwen. Mwen pa ka tann pou m wè ou enpi pou m pale ak ou nan ane ki ap vini yo.

[Sonje bay elèv la de tikè sinema]

Gade konpòte ak jan elèv yo abiye yo. Di si moun ki t ap fè interview a te konfòtab ou non, eske yo te genyen krint, ou yo te simpatik ou yo te fèmen. Èske elèv yo te mal ou byen abiye?